



Pou Piblikasyon Imedya: 15/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 200 MILYON DOLA NAN SOULAJMAN BÒDWO SÈVIS PIBLIK POU 8 MILYON NOUYÒKÈ

*Rabè yo bay kliyan elektrik ak gaz rezidansyèl ak kliyan ki pa rezidansyèl yo*

*Fasilite plis pase 1.4 milya dola nan asistans ki disponib pou kliyan sèvis piblik enèji yo an 2024*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) Eta New York la te adopte yon kredi bòdwo enèji Eta New York ki evalye a 200 milyon dola pou gwo sèvis piblik elektrik ak gaz yo administre nan non kliyan yo. Kredi bòdwo enèji a se yon kredi yon sèl fwa ki sèvi ak lajan Eta ki apwopriye pou bay plis pase 8 milyon kliyan elektrik ak gaz ki faktire dirèkteman soulajman sou bòdwo enèji yo. Avèk aksyon jodi a, plis pase 1.4 milya dola te oswa pral disponib pou konsomatè New York yo pou ede konpanse depans enèji an 2024.

"Chak Nouyòkè merite enèji abòdab ak pwòp, se poutèt sa mwen te goumen pou jwenn fon adisyonèl pou bay soulajman finansye pou fanmi k ap travay di yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Abòdabilite enèji kontinye rete yon pi gwo priyorite nan ajanda enèji pwòp mwen an epi kredi bòdwo sèvis piblik sa a se jis youn nan anpil aksyon New York ap pran pou diminye depans pou Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo."

Pwogram nan, gwoup travay Règleman Abòdab Enèji yo pwopoze a, prevwa ke afektasyon 200 milyon ki enkli nan Bidjè Eta pou Ane Fiskal 24 la pral atribue nan kont kliyan yo atravè yon kredi yon sèl fwa nan apeprè 45 jou apre sèvis piblik yo resevwa lajan bidjè. Soulajman bòdwo sèvis piblik sa a apiye sou plizyè lòt pwogram abòdabilite enèji kle ki administre pa Eta New York, ki gen ladan 380 milyon dola nan Pwogram Asistans Enèji (Energy Assistance Program, EAP) finansman pou konsomatè yo atravè sèvis piblik yo, 360 milyon dola nan Pwogram Asistans eEnèji nan Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP), 200 milyon dola nan finansman EmPower+ atravè Bidjè Eta a, plis pase 200 milyon dola nan finansman kontribiyab pou bay aksè ak efikasite enèji ak solisyon enèji pwòp pou Nouyòkè ki gen Revni Ba rive nan Revni Modere (Low-to-Moderate Income, LMI) atravè pòtfèy LMI nan Tout Eta a ak NY Sun, ak plis pase 70 milyon chak ane atravè Pwogram Asistans pou Meteworizasyon (Weatherization Assistance Program, WAP).

Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS), an konsiltasyon ak gwoup travay sou Politik Abòdabilite Enèji a, te gen pou l konsevwa yon pwogram soulajman bòdwo sèvis piblik ki gen rapò ak depans pou pwogram abòdabilite sèvis piblik yo an rekonesans ak ogmantasyon pri pwodui enèji ak pri tarif livrezon sèvis piblik yo. Gwoup travay la te konsidere plizyè pwopozisyon pandan plizyè mwa pou reyalize soulajman yo vle a. Majorite gwoup travay la te dakò ak pwopozisyon anplwaye a apre plizyè modifikasyon kle epi li te rekòmande PSC aplike yon kredi pou bòdwo enèji yon sèl fwa ki ta benefisye prensipalman kliyan rezidansyèl ak ti biznis elektrik ak gaz yo.

Gwoup travay sou Politik Abòdabilite Enèji a fòme ak gwo gwoup konsomatè yo ak defansè yo, minisipalite yo, ajans eta ki konsène yo, ak sèvis piblik yo nan New York.

**Prezidan PSC a Rory M. Christian te deklare,** "Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li kontinye abòde gwo pri bòdwo sèvis piblik yo nan Eta New York. Pandan ke volatilite mondyal pri komodite yo ak to livrezon sèvis piblik yo mande ogmantasyon, nouvo inisyativ abòdabilite enèji inovan Gouvènè a ap vini egzaktman nan bon moman."

**Direktè Egzekitif ak Avoka Pwojè Lwa sou Sèvis Piblik (Public Utility Law Project, PULP) la, Laurie Wheelock, te deklare,** "PULP ekspriye rekonesans sensè nou an bay Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta a pou alokasyon yon 200 milyon dola istorik nan bidjè Eta pou Ane Fiskal 2023-24 la pou adrese abòdabilite enèji. PULP ak lòt moun ki gen enterè yo, tankou Depatman Sèvis Piblik la, Sèvis Piblik Konjwen yo, ak lòt defansè konsomatè yo, te travay ansanm pou yo te pwopoze yon pwopozisyon ki ta bay soulajman pou kliyan yo. Desizyon Komisyon an jodi a mete aksan sou yon angajman pataje pou jwenn fason pou ede tout Nouyòkè yo, ki gen ladan kay ki pi vilnerab nou yo, k ap fè fas ak ogmantasyon pri sèvis piblik yo ak pri elektrisite ak gaz natirèl volatil. Pandan n ap selebre etap enpòtan sa a, PULP rete angaje pou l idantifye ak defann lòt mezi pou asire enèji a abòdab an 2024 ak odela."

Anplis de fon kredi pou bòdwo enèji ak EmPower+, Pwogram Eta New York ofri finansman ak asistans teknik ki ka ede pwopriyetè kay yo, lokatè yo, ak biznis yo jere bezwen enèji yo. Sa gen ladan:

- **Aplike pou HEAP.** Apati 1 novanm, yo t ap aksepte aplikasyon yo pou Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay la (Home Energy Assistance Program, HEAP), ki ka bay pwopriyetè kay ak lokatè ki kalifye yo jiska 976 dola tou depann de revni yo, kantite moun ki nan kay la ak fason yo chofe kay yo (egzanp, yon fanmi ki gen kat moun ak yon maksimòm revni masyèl brit 5,838 dola kapab kalifye) Pou plis enfòmasyon, vizite [NYS HEAP](#).
- **Pwogram Abòdabilite Enèji/Pwogram Rabè sou Bòdwo pou Moun ki gen Revni ki Ba.** Pwogram sa a bay konsomatè ki elijib pou revni yo yon rabè sou bòdwo elektrik ak/oswa kabiran yo chak mwa, ansanm ak lòt avantaj, tou depann de karakteristik pwogram sèvis piblik yo an patikilye. Nouyòkè yo ka enskri otomatikman si yo resevwa avantaj nan yon

pwogram asistans gouvènmantral. Pou plis enfòmasyon, yo ta dwe vizite sit entènèt sèvis piblik yo oswa yo ka jwenn lyen yo nan [Preparasyon pou lè DPS la](#).

- **Pwogram Sèvis Kominotè yo.** Òganizasyon sèvis yo ak ajans kominotè lokal yo bay èd finansye, sèvis konsèy ak asistans ak ijans sèvis piblik. Nouyòkè yo ka kontakte òganizasyon tankou [Lakwawouj Ameriken \(American Red Cross\)](#) (800-733-2767), [Ame Disali \(Salvation Army\)](#) (800-728-7825), ak [United Way](#) (2-1-1 or 888-774-7633) pou aprann plis.
- **Resevwa yon lis asistans pèsonalize ki gen rapò ak enèji nan Eta a:** Konseye Enèji New York la kapab ede Nouyòkè ki elijib pou revni yo jwenn pwogram ki ede yo depanse mwens nan enèji epi kreye espas ki pi an sante ak pi konfòtab. Avèk [Konseye Enèji New York la](#), konsomatè yo reponn kèk kesyon senp epi yo konekte avèk òf ekonomi enèji nan Eta New York. Sipòte pa NYSEDA ak konpayi sèvis piblik yo, Nouyòkè ki kalifye yo kapab jwenn èd pou peye bòdwo sèvis piblik yo, resevwa òf espesyal pou ede nan chofaj ak lòt.
- **EmPower+:** Fwaye ki elijib pou revni yo ka resevwa yon evalyasyon enèji lakay yo ak amelyorasyon efikasite enèji gratis atravè pwogram EmPower+ la, ki administre pa NYSEDA. Jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nan, tankou enfòmasyon sou fason pou aplike nan <https://www.nyserda.ny.gov/All-Programs/EmPower-New-York-Program>.
- **Pwogram Asistans Meteworizasyon (WAP):** Administre pa Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, WAP bay fanmi ki elijib pou revni yo sèvis metewolojik gratis. Yo ka sèvi pwopriyete pou lokasyon yo tou, menmsi gen lòt kondisyon pou pwopriyete pwopriyete lokasyon yo. Pou plis enfòmasyon sou WAP, enkli kijan pou aplike, vizite <https://hcr.ny.gov/weatherization-applicants>.

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York**

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. New York, ki oryante pa kèk nan inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, sou pwèn pou reyalize yon sektè enèji zewo emisyon vè 2040, ki enkli 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 40 milya dola nan 64 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp, ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York

la avanse avèk 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak 100 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)